

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Metode Panalungtikan

Metode nya éta salah sahiji cara pikeun ngumpulkeun data ngeunaan nuliskeun dongéng. Luyu henteuna metode anu digunakeun bakal mangaruhan kana kahontal atawa henteuna tujuan.

Metode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta metode deskriptif. Metode ieu mangrupa salah sahiji metode anu dipaké pikeun ngaréngsékeun masalah anu aktual sakumaha dina waktu panalungtikan. Metode ieu dilakukeun ku cara ngumpulkeun, nganalisis jeung napsirkeun data (Surachman, 1982:143).

Metode deskriptif digunakeun pikeun ngadeskripsikeun data nu mangrupa tulisan siswa. Ieu hal teh dilaksanakeun ku cara ngumpulkeun tulisan siswa nu mangrupa nuliskeun deui dongéng atawa carita rayat ku siswa nu bakal di talungtik dumasar kana kamampuh ngébréhkeun eusi dongéng, galur carita dongéng, éjahan, kosa kecap, jeung karapihan tulisan.

3.2 Tehnik Ngumpulkeun Data

Tehnik ngumpulkeun data nu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta ngaliwatan tés. Tés nu mangrupa tés kamampuh nulis dongéng. Prak-prakanana siswa dibéré pancén ku panulis dina nuliskeun dongéng/carita rayat.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Sakumaha anu geus dijéntrékeun saméméhna, yén teknik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta teknik tés, tujuanana pikeun maluruh patalina kamampuh nuliskeun dongéng siswa SDN Tajur I Kecamatan Cigasong Majalengka.

Instrumen ieu panalungtikan ngawengku instrumen pamupul data nu mangrupa hasil nulis siswa, padoman pikeun meunteun, jeung deksripsi ngeunaan kriteria meunteun.

1. Instrumen Ngumpulkeun Data

Instrumen ngumpulkeun data nu mangrupa tés téh bisa dititénan di handap ieu.

Tés Nulis Dongéng:

Tuliskeun dongéng nu aya di sabudeureun Désa Tajur atawa dongéng nu geus apal ti Kolot Hidep! Minimal sakaca, tong poho tulis ngaran jeung kelas!

3.4 Tehnik Ngolah Data

Hasil atawa henteuna kamampuh jeung kaparigelan nulis dongéng bakal kanyahoan tina naskah dongéng hasil pagawéan anu ditulis ku siswa. Upama geus mampuh, naha mampuhna téh luhur pisan, luhur, sedeng, handap, atawa handap pisan.

Léngkah-léngkah ngolah data nya éta:

- a. mariksa jeung ngidentifikasi tulisan mangrupa dongéng anu geus ngumpul;
- b. masing-masingkeun dongéng nu geus ngumpul, naha asup ka parabél, fabél, legenda, sagé, atawa mite;
- c. nganalisis jeung ngajén naskah dongéng hasil kamampuh siswa dumasar kana aspék-aspék anu geus ditangtukeun.
- d. Nyieun kacindekan tina aspék kamampuh nulis dongéng di antarana: dina ngébréhkeun eusi dongéng, ngébréhkeun galur carita dongéng, milih kosa kecap atawa milih kalimah éféktip dina tulisan anu bener tur merenah sarta teu maké basa Indonesia, jeung ngagunakeun ejaan dina nulis dongéng basa Sunda.

Cara ngolah data atawa ngajén hasil tés kamampuh nulis dongéng nya éta sanggeus kanyahoan skor unggal siswa, kana PAP 60%.

Nurutkeun Syamsudin (2004:249-250) Penilaian Acuan Patokan (PAP) nya éta

Criterion referenced evaluation (PAP = Penilaian Acuan Patokan) merupakan cara mempertimbangkan taraf keberhasilan siswa dengan memperbandingkan prestasi yang dicapainya dengan kriteria yang telah ditetapkan lebih dahulu (*preestablished criterion*).

Adapun filosofi yang melandasi sistem penilaian ini ialah *teory mastery learning*, dimana seseorang dapat dianggap memenuhi syarat kecakapan (*qualified*) kalau menguasai minimal 60% dari hasil yang diharapkan.

Nurkencana (1983) ti Nurgiyantoro (2001:401), nétélakeun yén batas kategori pikeun nangtukeun kriteria téh nya éta:

Besarnya X_i adalah separuh (50 persen) skor maksimal, sedang S_i sepertiga dari X_i . Jika kemungkinan skor tertinggi 60, X_i adalah 30, dan S_i adalah 10.

Prosés nyusun kriteria:

- Skor idéal tiap butir masalah (item = 4 (X_i))
- Diitung rata-rata (X) jeung simpang baku (S)

$$X_i = \frac{1}{2} (4) = 2$$

$$S = \frac{1}{3} (2) = 0,66$$

Ngitung batas kategori

$$X + 1,5 (S) = 2 + 1,5 (0,66) = 3,0$$

$$X + 0,5 (S) = 2 + 0,5 (0,66) = 2,3$$

$$X - 0,5 (S) = 2 - 0,5 (0,66) = 1,7$$

$$X - 1,5 (S) = 2 - 1,5 (0,66) = 1,1$$

Saréngséna napsirkeun kamampuh nulis dongéng unggal siswa dumasar PAP 60%, satuluyna napsirkeun kamampuh nulis dongéng sagemblengna siswa SDN Tajur I Cigasong Majalengka. Siswa dianggap can mampuh dina nuliskeun dongéng upama nu mampuhna kurang ti 60%. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina tabel di handap:

Tabél 1.

Batas Kategori pikeun Nangtukeun Kriteria

SKOR	KATÉGORI
1,0 - 1,1	Handap Pisan (HP)
1,2 - 1,7	Handap (H)
1,8 - 2,3	Sedeng (S)
2,4 - 3,0	Luhur (L)
3,1 - 4,0	 Luhur Pisan (LP)

Panalungtikan ieu ngadeskripsikeun kamampuh nuliskeun dongéng basa Sunda anu dipatalikeun jeung faktor-faktor anu bisa mangaruhan kana kamampuh nuliskeun dongéng di SDN Tajur I Cigasong Majalengka.

3. 5 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3. 5. 1 Populasi Panalungtikan

Populasi nya éta objék atawa subjék anu aya di hiji wilayah jeung luyu dina nyumponan sarat-sarat nu tangtu. Populasi nya éta sakumna objék anu rék dijadikeun panalungtikan (Arikunto, 1988:157). Patali jeung masalah panalungtikan, populasi aya hubunganana jeung data, lain manusa atawa objékna (Nazir, 1983:327). Data nu dimaksud di dieu nya éta kamampuh siswa dina nuliskeun dongéng di SDN Tajur I kecamatan Cigasong Majalengka.

Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nya éta dina nuliskeun dongéng atawa carita rayat di SDN Tajur I Kec Cigasong, Majalengka.

3.5.2 Sampel Panalungtikan

Sampel nya éta sabagian tina populasi anu ngabogaan sipat rélatip sarua jeung populasina (Sujana, 1989:85). Pon kitu deui numutkeun Arikunto anu disebut sampel téh nya éta sabagian atawa wawakil populasi anu rék ditalungtik.

Hariwijaya (2007:66) nétélakeun yén sampel nya éta

Teknik sampling ialah cara pengambilan sampel dari populasi. Sampel juga semacam miniatur dari populasinya (Santosa&Tjiptono, 2002:80).

Sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas V SDN Tajur I nu aya 21 urang.